

English	Haitian Creole
KNOW YOUR WORKPLACE RIGHTS:	KONNEN DWA OU NAN ESPAS TRAVAY OU:
Immigrant Workers	Travayè Imigran yo
You are protected under the National Labor Relations Act regardless of your immigration status.	Ou pwoteje anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou.
You have the right to talk about your pay and unfair treatment in your workplace, vote in a union election, join a union, or strike.	Ou gen dwa pou pale konsènan salè ou ak tretman enjis nan espas travay ou, vote nan yon eleksyon sendika, antre nan yon sendika, oswa fè grèv.
The NLRB will not ask about your immigration status and will not share your info with DHS or ICE, unless you ask us to as part of a request for relief.	NLRB p ap poze ou kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou epi nou p ap divilge enfòmasyon ou ba DHS oswa ICE, sof si ou mande nou sa pandan ou fè yon demann pou jwenn èd.
If you tell us there is a need for protection at a worksite, we may be able to provide documentation to assist workers in applying for deferred action or other relief.	Si ou fè nou konnen gen yon bezwen pou pwoteksyon nan yon espas travay nou kapab bay dokiman pou asiste travayè yo ki aplike pou aksyon defere oswa pou lòt èd.
The National Labor Relations Board is an independent federal agency that protects the rights of private sector employees to join together, with or without a union, to improve their wages and working conditions.	Konsèy Nasyonal Relasyon Travay se yon ajans federal endepandan ki pwoteje dwa anplwaye sektè prive a pou òganize yo ansanm, avèk oswa san yon sendika, pou amelyore salè yo ak kondisyon travay yo.